

Chanjman Ki Pwopoze Pou Tarif MTA yo

Odyans piblik yo pral fèt sou chanjman ki pwopoze nan tarif yo a distans sou Zoom ak an pèsòn nan lokal, dat, ak lè ki mansyone pi ba a. Nou envite piblik la pou l di sa l panse sou pwopozisyon chanjman yo, ki nan rezime ki pi ba a, ki gen rapò ak, lè sa aplikab, tarif New York City Transit Authority (NYCT) ak anèks li yo, Manhattan and Bronx Surface Transit Operating Authority (MaBSTOA), Konpayi MTA Bus (MTA Bus), ak Staten Island Rapid Transit Operating Authority (SIR); Long Island Rail Road (LIRR); ak Metro-North Railroad (Metro-North).

Pwopozisyon pou tarif yo pèmèt yo analize plis opsyon chwa epi ogmantasyon tarif yo ka mwens pase montan maksimòm ki mansyone yo. Aprè odyans yo, aprè yo fin analize kòmantè piblik la, Konsèy Administration MTA a ak ajans afilye li yo pral deside ki chanjman tarif pou yo adopte.

Pou plis detay sou chanjman ki pwopoze yo, tanpri ale sou <http://mta.info/2025-fare-hearings>, li enfòmasyon nou poste nan estasyon MTA yo ak sou tablo ki gen afich sou fòma elektwonik nou yo, oswa rele Liy Dirèk Pou Odyans Piblik la nan 646-252-6777.

Sa ki annapre a pwopoze chanjman ki ka aplike nan mwa janvyè 2026 oswa apre.

NYCT, MaBSTOA, MTA Bus, SIR

Tarif pou Tren (NYCT), Otobis Lokal (NYCT, MaBSTOA, ak Otobis MTA), ak SIR:

Tarif debaz (nan moman an se \$2.90):

- Mete 10 santim sou pri tarif debaz la.

Tikè Yon Sèl Vwayaj (nan moman an se \$3.25):

- Mete 25 santim sou tikè Yon Sèl Vwayaj la sou tikè nou genyen moun pa ka itilize ankò.

Limit nan Tarif ak Vwayaj Ilimite:

- Fè yon Limit Tarif Mobil pou 7 Jou vin pèmanan ki bay yon pasaje dwa a yon kantite vwayaj gratis san limit nan yon peryòd 7 jou apre pasaje a fin peye pou 12 vwayaj nan yon peryòd 7 jou.

- Ogmante Limit Tarif Pri 7 Jou a pou rive 12 fwa Pri Debaz la, pou rive \$36.00.

Tarif pou Express Bus (NYCT ak MTA Bus):

Yon Sèl Kous (nan moman an se \$7.00):

- Ogmante pri tikè yon sèl kous pou Express Bus la a \$7.25.

Tarif pou Sèvis Paratransit (nan moman an se \$2.90):

Ogmante tarif ale senp pou Sèvis NYCT Access-A-Ride Paratransit pou l rive nan montan ogmantasyon Tarif Debaz Subway a, si genyen.

Sipò Tarif MetroCard:

Pa Vann Sipò Tarif MetroCard ankò. Sipò tarif sa a gen ladan l kat MetroCard prepeye pou 7 jou, 30 jou, ak 7 jou Express Bus Plus Unlimited Ride MetroCard yo.

Règleman pou Rabè:

Règleman anrapò ak rabè nan Tarif pou Moun aje/Kliyan ki gen andikap/Paratransit yo toujou rete menm.

LIRR ak Metro-North

Pa Mwa, Pa Semèn, ak Lòt Kalite Tikè

- Ogmante pri tikè chak mwa ak chak semèn nan jiska 4.5%.

- Mete 8% sou pri tout lòt tikè yo.

- Tarif espesyal ak rabè, tarif anplis lè moun nan monte, ak tarif ekstansyon kous yo ka gen ogmantasyon pousantaj ki pi wo pase ogmantasyon maksimòm otorize yo sou tarif debaz yo akòz yo awondi l.

Tarif UniTicket ak Tarif pou Transfè Ale senp:

- Mete 50 santim sou pri tikè koneksyon yo pou Hudson Rail Link.

- Mete \$2.00 sou pri tikè koneksyon chak mwa pou Hudson Rail Link ak 75 santim pou Haverstraw-Ossining Ferry.

- Mete 10 santim sou pri tikè yon sèl ale pou Hudson Rail Link la, 25 santim sou pri koneksyon yon sèl ale pou Haverstraw-Ossining Ferry a, epi mete 5 santim sou pri tikè pou granmoun aje/kliyan andikape pou vwayaj sa yo.

- Mete 75 santim sou pri tikè chak semèn pou sèvis otobis lokal koneksyon NYC (NYCT, MaBSTOA ak MTA Bus) ak \$4.25 sou pri tikè pa mwa yo.

- Mete 75 santim sou tarif pa semèn pou Otobis Uniticket pou Nassau Inter-County Express (NICE) epi ogmante tarif pa mwa jiska \$5.25.

Lòt frè ak Pwopozisyon politik:

- Mete \$2 tarif anplis sou tout tikè yo achte nan tren yo.

- Fè Peak CityTicket ak Far Rockaway Ticket yo tounen pwodui tarif pèmanan.

Yo ka aplike chanjman sa yo pwopoze a kou yo pa aksepte MetroCard la ankò pou peye tikè.

Tarif pou Tren (NYCT), Otobis Lokal (NYCT, MaBSTOA, ak Otobis MTA), ak SIR:

Pri tikè Otobis Lokal lè moun nan monte:

Kontinye aksepte lajan kach nan machin lavant kat ak nan magazen OMNY yo, epi sispann aksepte pèman tikè otobis ak pyès monnen pou yon sèl kous tikè Otobis Lokal la.

Tarif Kat OMNY:

Mete \$2.00 sou tarif pou yon nouvo Kat OMNY.

Dat ak Lè Odyans Piblik Ibrid yo

Ap gen twa (3) Odyans Piblik k ap fèt pou bay enfòmasyon e pou resevwa kòmantè sou chanjman ki pwopoze pou tarif MTA yo nan dat ak lè ki mansyone pi ba a. Moun ki ta renmen pale yo ap gen de (2) minit pou yo fè sa.

Madi 19 out 2025, 6 p.m. – 9 p.m.

Mèkredi 20 out 2025, 10 a.m. – 1 p.m.

Mèkredi 20 Out 2025, 5 p.m. – 8 p.m.

Kote Odyans yo ap Fèt

Tout odyans piblik yo ap fèt an pèsòn nan New York City Transit Authority, 130 Livingston Street, 1ye etaj, Brooklyn, NY 11201 epi sou Zoom epi y ap pase yo an dirèk sou <http://mta.info/2025-fare-hearings>.

Tren: **A C E R** to Jay Street – MetroTech (estasyon aksesib), **R** pou ale Court Street (estasyon aksesib), **2 3** pou ale Borough Hall (estasyon aksesib), **4 5** pou ale Borough Hall (aksesib sou wout pou ale Manhattan sèlman)

Otobis: B25, B26, B38, B41, B45, B52, B57, B61, B62, B65, B67, B103

Enskripsyon pou Odyans Piblik

Pou enskri pou pale nan odyans piblik k ap fèt de fason yo, tanpri enskri sou entènèt sou <http://mta.info/2025-fare-hearings> oubyen rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777. Ajan telefòn yo disponib apati 6 AM jiska 10 PM chak jou. Enskripsyon pou chak odyans piblik ap ouvri mèkredi 30 jiyè 2025 e l ap fèmen nan kòmansman odyans lan. Tout kòmantè yo pral ekri epi yo pral fè pati dosye odyans y ap konsève.

Ou dwe anrejistre alavans pou w pale nan yon odyans piblik k ap fèt nan de fason. Chak moun ki vle pale pou yo fè kòmantè pa yo ap gen de (2) minit pou yo fè sa. Odyans yo pwograme pou twa (3) èdtan, men chak odyans piblik, n ap asepte moun k ap anrejistre jiskaske nou gen 240 minit (4 èdtan) pou moun nan piblik la k ap pale. Si gen oratè ki anrejistre ki rete apre odyans lan rive nan 240 minit kòmantè piblik, se sèlman oratè ki anrejistre ki rete yo ki poko pale nan yon lòt odyans piblik nan ane 2025 ki pral gen opòtinite pou yo pale. Anplis de sa, nan tout odyans yo, oratè ki poko janm pale nan yon lòt odyans piblik nan ane 2025 lan ap gen priyorite nan lòd moun yo ap pale a.

Patisipe nan Odyans Piblik la A Distans

Si w anrejistre pou w pale e w ap patisipe nan odyans piblik la a distans, ou ka konekte nan lè odyans lan ap fèt la swa sou entènèt oswa nan telefòn ou lè w suiv enstriksyon ki annapre yo:

Konekte sou Zoom sou entènèt: Pou konekte nan reyinyon Zoom sou entènèt la, ale sou sit entènèt la ki se: <http://mta.info/2025-fare-hearings>. Ou ka mete lyen zoom.us/join nan tou epi antre nimewo ID Reyinyon an ki se 830 8013 3172.

Konekte sou Zoom nan Telefòn: Pou w konekte nan reyinyon Zoom nan sou telefòn, tanpri rele (646) 518-9805. Epi antre ID Reyinyon an ki se 830 8013 3172, epi peze siy dyèz (#) la.

Opsyon pou w Gade Sèlman Sou Entènèt: Moun ki nan piblik la ki ta renmen annik gade odyans lan ka konekte nan evènman an andirèk sou <http://mta.info/2025-fare-hearings>.

Pou w voye kesyon w ale pandan odyans lan, ou dwe konekte nan odyans lan sou aplikasyon sou entènèt Zoom nan. Ou ka voye kesyon w yo ale nenpòt lòt lè nan fason ki mansyone pi ba yo (Gade "Lòt Fason Pou W Fè Yon Kòmantè Oswa Mande Enfòmasyon"). Anplwaye yo ka reponn kesyon sou chanjman tarif ki pwopoze a pandan oswa aprè odyans lan.

Lòt Fason Pou W Fè Kòmantè Oswa Pou W Mande Enfòmasyon

Sou entènèt: <http://mta.info/2025-fare-hearings>

Lapòs: MTA Government & Community Relations,

Attn: Fare Hearings, 2 Broadway, 16th Floor, New York, NY 10004

Telefòn: (646) 252-6777, ajan telefòn yo disponib apati 6 AM jiska 10 PM chak jou

Y ap pran plis temwayaj nan Sant Sèvis Kliyantèl, nan machin lavant mobil, ak lòt kote nan sistèm transpò a. Ale sou <http://mta.info/2025-fare-hearings> pou w jwenn plis enfòmasyon.

Sèvis Aksesiblite ak Sèvis Èd pou kesyon Lang

Ap gen Sèvis Lang Siy Ameriken ak Soutitraj CART k ap disponib.



Manm nan piblik la ki soud oswa ki tande di yo ka itilize sèvis transmisyon yo vle a oswa yo ka itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo nan nimewo Liy Dirèk Odyans Piblik lan ki se (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan.

Manm piblik la ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon ka mande aranjman pou omwen senk (5) jou ouvrab anvan premye dat odyans lan lè yo voye yon demann sou entènèt sou <http://mta.info/2025-fare-hearings> oswa lè yo rele Liy Dirèk Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt ki lòt aranjman, tanpri voye yon demann omwen senk (5) jou ouvrab anvan dat odyans lan gen pou l fèt la nan youn nan fason ki annapre yo: sou entènèt sou <http://mta.info/2025-fare-hearings>, lè w rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay MTA Government & Community Relations, Attn: Fare Hearings, 2 Broadway, 16th Floor, New York, NY 10004.

Pou moun ki mande èd pou lang yo, MTA ap bay enfòmasyon ki tradui konsènan pwosesis odyans lan epi l ap asire l yo tradui tout kòmantè piblik yo resevwa nan yon lang ki pa anglè, sa gen ladan l transkripsyon odyans lan, ak rezime pou Komite MTA a.

Manm nan piblik lan ki pa gen aksè a yon òdinatè oswa ki pa gen aksè a entènèt ka tande chak odyans yo lè ou rele reyinyon Zoom nan sou 646-518-9805 (gratis). Epi antre ID Reyinyon an ki se 830 8013 3172, epi peze siy dyèz (#) la.



Metropolitan Transportation Authority

www.mta.info

